

FASON POU MANYEN MOLISK YO

Fason pou konsève dosye

- Kenbe etikèt kokiyaj yo ak pwodui a jiskaske bwat yo vid.
- Kenbe etikèt kokiyaj yo nan dosye a pandan 90 jou apre bwat yo vid.
- Kenbe etikèt kokiyaj yo nan lòd kwonolojik dat yo vann oswa konsome yo.
- Pou suiv yo fasil, kenbe yon rejis pou etikèt yo epi ekri dat bwat la vide a sou etikèt la (gade egzanp ki pi ba a).

Keep Refrigerated	Dealers Name Address	
ORIGINAL SHIPPERS CERT. No. IF OTHER THAN ABOVE	Dealers Certification #	
HARVEST DATE	SHIPPING DATE	
HARVEST LOCATION:		
TYPE OF SHELLFISH:		
QUANTITY OF SHELLFISH:		
O	BUSHELS	COUNT
	POUNDS	OTHER
THIS TAG IS REQUIRED TO BE ATTACHED UNTIL CONTAINER IS EMPTY OR IS RETAGGED AND THEREAFTER KEPT ON FILE FOR 90 DAYS		
TO:	RESHIPPERS	DATES RESHIPPED

Start Date

End Date

Resous:

Pou w jwenn dènye lis konpayi ki voye kokiyaj ki jwenn yon sètifikasyon nan men otorite règlemantasyon nan peyi Etazini oswa aletranje, gade Lis Konpayi Sètifye ki Voye Kokiyaj Ant Eta yo:

<https://www.fda.gov/food/federalstate-food-programs/interstate-certified-shellfish-shippers-list>

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pratik pou manyen manje yo san danje nan etablisman ki vann manje an detay yo ak nan etablisman ki bay sèvis manje yo, al gade Kòd Alimantè FDA a:

<https://www.fda.gov/food/fda-food-code/food-code-2017>

FASON POU MANYEN KOKIJAJ MOLISK KRI KI FRE E KI JELE



KONSÈY SEKIRITE POU
ETABLISMAN KI BAY SÈVIS
MANJE YO AK
ETABLISMAN KI VANN
MANJE AN DETAY YO



Depatman Sante Rhode Island, Sant
pou Pwoteksyon Alimantè
Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele nan
401-222-2750

Dokiman sa a soti nan Administrasyon Manje ak
Medikaman Etazini (Food & Drug
Administration, FDA).




FASON POU MANYEN KOKIJAJ MOLISK YO

Fason pou resevwa

- ➔ Verifye si kagezon kokiyaj yo soti nan yon sous ki site nan Lis Konpayi Sètifye ki Voye Kokiyaj Ant Eta yo sou: <https://www.fda.gov/food/federalstate-food-programs/interstate-certified-shellfish-shippers-list>
- ➔ Tcheke tanperati pwodui yo lè ou resevwa yo. Verifye si:
 - Kokiyaj ki vivan yo nan 50 degre farenay (10 degre santigrad) oswa mwens.
 - Tanperati lè a nan machin livrezon an oswa konntenè transpò a nan 45 degre farenay (7,2 degre santigrad) oswa mwens.
 - Ou resevwa pwodui jele a byen jele.
- ➔ Verifye si kalite ak kantite pwodui ou te kòmande yo kòrèk. Mete kokiyaj yo anba yon kontwòl tanperati tousuit.
- ➔ Aksepte sèlman kokiyaj ki pwòp, ki vivan e ki gen tout koki yo ki pa kase.
Kenbe etikèt yo avèk bwat ki gen pwodui vivan an.

Konsèvasyon ak Afichaj

- ➔ Kenbe frijidè ou itilize pou konsève ak afiche pwodui sa yo frèt ase pou pwodui yo rete nan 41 degre farenay (5 degre santigrad) oswa mwens.
- ➔ Pa melanje diferan lo oswa espès kokiyaj.



Eskalòp



Moul



Paloud



Zuit

- ➔ Konsève kokiyaj yo anlè oswa lwen lòt manje kri ki soti nan bèt ki te ka degoute oswa koule sou kokiyaj yo.
- ➔ Pwoteje kokiyaj yo kont kontaminasyon, pa egzanp kondansasyon frijidè yo, ki te ka koule sou pwodui a.
- ➔ Konsève kokiyaj kri yo lwen epi anba manje ki tou pare pou manje yo.
- ➔ Siveye pwodui yo chak jou. Retire nenpòt kokiyaj ki mouri oswa ki gen koki li ki kase.
- ➔ Netwaye epi dezenfekte regilyèman ekipman ak sifas ki an kontak ak pwodui alimantè yo.

Ijyèn Pèsonèl

- ➔ Lave men w anvan ou manyen oswa prepare manje.
- ➔ Lave men w pandan w ap prepare manje a pou evite kontaminasyon kwaze a.
- ➔ Lave men w lè ou ap fè echanj ant manje kri ak manje ki tou pare pou manje.
- ➔ Lave men w apre ou fin fè lòt aktivite ki kontamine men yo.
- ➔ Itilize batri kizin oswa gan pou manyen kokiyaj ki tou pare pou manje yo. Pa janm itilize men w san gan.

